



Regleman Chanselye (Regulation of the Chancellor, CR)

Nimewo: **D-180**

Sijè: **ITILIZASYON BILDING LEKÒL ANDEYÒ LÈ LEKÒL**

Kategori: **PÈSONÈL**

Pibliye: **22 desanm 2022**

REZIME CHANJMAN YO

Regleman sa a modife ak ranplase CR D-180 ki gen dat 22 jiyè 2021.

Chanjman:

- Li retire dispozisyon konsiltatif ak dispozisyon ki gen rapò konsènan sèvis relijye. (Seksyon I.R)
- Li klarifye pou di ekip sipètentandan an ak santral DOE ka revize tout desizyon sou pèmi direktè pran. (Seksyon II.D)
- Li mete ajou referans pou biwo Borough/vil (BCOs) globalman epi li retire definisyon an.



Regleman Chanselye (Regulation of the Chancellor, CR)

Nimewo: D-180

Sijè: ITILIZASYON PWOLONJE BILDING LEKÒL

Kategori: PÈSONÈL

Pibliye: 22 desanm 2022

DEFINISYON:

Pwogram Beacon:

Se pwogram Depatman jenès ak fòmasyon kominotè Vil Nouyòk (NYC Department of Youth and Community Development, DYCD). Sant kominotè Beacon yo fonksyone yon minimòm sis (6) jou ak 42èdtan pa semèn nan apremidi ak ak aswè, wikenn, pandan konje lekòl ak peryòd vakans ak pandan ete. Yo ofri pwogram kominotè Myriad yo pou elèv ak rezidan gratis.

Sistèm pewòl antretyen (Custodial Payroll System, CPS):

Yon sistèm otomatize sou entènèt yo itilize pou kalkile ak fè pwosesis pri sèvis antretyen daprè kantite espas y ap itilize, nati espas la ak jou/lè izaj.

Antite antretyen (Custodial Entity):

Yon enjenyè antretyen lekòl/manadjè bilding oswa reprezantan yo.

Itilizasyon bilding andeyò lè lekòl:

Lè lekòl la, òganizasyon deyò ak/oswa òganizasyon kominotè (CBO), sa vle di "Itilizatè a itilize bilding lekòl la andeyò lè ak jou nòmal lekòl lè lekòl pa p fonksyone (maten avan kòmansman kou oswa yon pwogram manje maten yo rekonèt, fen apremidi, aswè, wikenn ak jou konje) ki konsistan avèk regleman sa a.

Pèmi pou Itilizasyon bilding andeyò lè lekòl:

Ou dwe gen yon pèmi pou rezève espas pou aktivite ki fè andeyò lè ak jou nòmal lekòl lè lèkòl yo p ap fonksyone. Ou ka jwenn aplikasyon pou pèmi an nan aplikasyon sou sitwèb itilizasyon andeyò lè lekòl pèsonèl lekòl la epi ranpli l sou entènèt. Itilizatè a dwe ranpli ak siyen pèmi an lè l ap aplike pou rezève espas la.

Pwosesis aplikasyon pou itilizasyon bilding andeyò lè lekòl:

Yon sistèm sou entènèt ki pèmèt òganizasyon/Itilizatè pou mande fòmèlman pou itilize yon bilding lekòl. Gade pwosesis ak ranpli aplikasyon pèmi pou itilizasyon andeyò lè lekòl (Processing and Completing the Extended Use Permit Application) (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>) pou jwenn detay.

OST Andeyò lè lekòl:

Se pwogram Depatman jenès ak fòmasyon kominotè Vil Nouyòk (NYC Department of Youth and Community Development, DYCD). Pwogram OST yo ofri yon seri aktivite pou jèn moun pandan lè yo pa nan lekòl, sa vle di aprelekòl, wiken ak konje ak pandan jiskas ven (20) jou lekòl ak vakans ete, pou sipòte fòmasyon sosyal, emosyonèl ak akademik pandan y ap ofri yon anviwònman sennesof ak favorab pandan paran yo ap travay.

Frè espas:

Pri pou antite antretyen an prepare ak netwaye espas aktyèl yo egzije yon Itilizatè mande pou fè aktivite pwogram li.

Fèy espas (Space Sheet):

Yon fòm antite antretyen lekòl la prepare epi ke Itilizatè a valide nan objektif pou rapòte espas aktyèl ak/oswa sèvis yo itilize a (pafwa yo rele sa Fòm pou rapò espas ak sèvis antretyen yo otorize pou bay). Yo itilize rapò sa a pou detèmine depans kontraktyèl aktyèl ki fèt pou izaj ak pou jenere peman antretyen apwopriye pou kouvri lòt sèvis mendèv, lè yo fè referans avèk Aplikasyon pou pèmi yo apwouve. Gade pwosesis fèy espas ak responsabilite pou frè antretyen (Processing Space Sheets and Accounting for Custodial Fees) (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>) pou jwenn plis detay.

Itilizatè:

Nenpòt moun, òganizasyon kominotè (CBO), oswa lòt gwoup k ap itilize yon biling lekòl pandan lè itilizayon andeyò lè fonksyònman nòmal lekòl.



Regleman Chanselye (Regulation of the Chancellor, CR)

Nimewo: **D-180**

Sijè: **ITILIZASYON BILDING LEKÒL ANDEYÒ LÈ LEKÒL**

Kategori: **PÈSONÈL**

Pibliye: **22 desanm 2022**

REZIME

Regleman sa a kontwole itilizasyon biling lekòl andeyò lè fonksyònman nòmal. Li tabli pwosedi pou òganizasyon ak moun pou suiv pou itilize biling lekòl leta Vil Nouyòk andeyò lè nòmal lekòl ak nan jou lè lekòl p ap fonksyone, tankou wikenn ak jou konje. Li ranplase chapit pwosedi fonksyònman regilye (Standard Operating Procedures) sou sijè sa a.

ENTWODIKSYON

Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) ankouraje itilizasyon lekòl leta li yo pou rezon ki konsistan ak regleman pou itilizasyon andeyò lè lekòl sa a. Direktè biling lekòl yo, enjenyè antretyen/manadjè biling (Custodial Entity), espesyalis pou itilizasyon biling lekòl andeyò lè lekòl, gwoup, moun ak/oswa òganizasyon ki vle itilize lekòl la (Itilizatè), Divizyon Lokal lekòl (DSF), Divizyon fonksyònman finans (DFO), ak Divizyon fonksyònman lekòl se antite prensipal ki jwe wòl enpòtan nan pwosesis itilizasyon biling lekòl andeyò lè lekòl la.

I. ITILIZASYON BILDING LEKÒL ANDEYÒ LÈ LEKÒL

- A. Itilizasyon biling lekòl andeyò lè lekòl yo sipoze respekte regleman sa a, Lwa edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education, NYSED) seksyon § 414 ak tout lòt lwa federal, eta ak lokal.
- B. Itilizasyon prensipal yon pwopriyete lekòl dwe se pou pwogram ak aktivite DOE. Apre pwogram ak aktivite DOE, y ap prefere bay lokal lekòl yo pou aktivite kominate, aktivite jèn ak gwoup adilt.
- C. Pèmi yo bay dapre regleman sa a pa vle se DOE se esponsò nan evènman, pwogram oswa aktivite Itilizatè a.
- D. Adilt responsab yo dwe prezant toutan lè gwoup jèn yo ap itilize pwopriyete lekòl yo.
- E. Evènman ki gen karatè pèsònèl(paegzanp, maryaj, showers, fèt fiyansay, fèt anivèsè) fòmèlman entèdi.

- F. Yo ka bay pèmi pou rezon enstriksyon nan nenpòt branch edikasyon, aprantisaj oswa art.
- G. Yo ka bay pèmi pou fowòm sivik ak sant kominotè dapre lwa ki aplikab.
- H. Yo ka bay pèmi pou divètisman, trening fizik ak atletik, tankou konpetisyon atletik timoun ki nan lekòl prive, lekòl ki pa la pou fè pwofi.
- I. Yo ka bay pèmi pou fè reyinyon sosyal, sivik ak divètisman ak amizaman ak lòt itilizasyon pou byennèt kominote a. Tout itilizasyon sa yo aksepte tout moun epi y ap ouvri pou tout piblik la.
- J. Yo ka bay pèmi yo pou fè reyinyon PTA/PA. Reyinyon sa yo dwe aksepte toutmoun epi ou dwe lib pou piblik la anjeneral, dapre Lwa Edikasyon Eta Nouyòk, seksyon § 414.
- K. Yo p ap pwograme teren espò, jimnazyòm, oditoryòm, pisin ak lòt gwo espas yo yon fason ki kreye yon restriksyon ki pa rezonab pou lòt moun itilize yo.
- L. “Take the Field”

Teren espò Take the Field yo disponib gratis pou kèk CBO/Itilizatè ki demonstre yo gen difiktilte lajan. Izaj deyò bilding lan dwe konsistan avèk regleman ak pwosedi DOE epi yo dwe pèmèt yo sèlman lè lekòl patikilye a p ap itilize teren an. Aranjman sa a aplike sèlman pou teren espò, se pa pou itilizasyon okenn espas ki nan bilding lekòl la. Si Itilizatè a vle itilize espas nan bilding lan ladan, twalèt, ak lòt ankò, si sa aplikab, yo dwe peye frè itilizasyon. Plizyè teren yo repare dapre pwogram “Take the Field” la gen twalèt pòtab nan zòn teren espò a.

Avan yon Itilizatè aplike pou teren espò ak kòmanse pwosesis pèmi an, li dwe kontakte òganizasyon “Take the Field” la dabò nan 212-521-2232. Yon reprezantan pral gide Itilizatè a nan pwosesis la pou detèmine si òganizasyon/Itilizatè a elijib pou yo anile frè ki aplikab yo pou li.

- M. Yo pa ka itilize pwopriyete lekòl la pou rezon komèsyal eksepte pou fonksyònman Flea market yo otorize dapre CR A-650 (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-650--haitian-creole.pdf>).
- N. Yo ka bay pèmi pou lòt itilizasyon sa yo si lalwa otorize sa.
- O. Yo entèdi jwèt aza sou pwopriyete lekòl la.
- P. Yo entèdi jèn oswa adilt vann, itilize, konsome ak/oswa posede nenpòt bwason ki gen alkòl nan nenpòt bilding lekòl .
- Q. Lavant rafrechisman sou pwopriyete lekòl la entèdi sofsi yo apwouve I nan pèmi an.
- R. Okenn gwoup oswa òganizasyon ki envite manm piblik la nan yon reyinyon oswa pwogram nan lokal lekòl la pa ka refize moun sou baz okenn rezon diskriminatwa jan yo di I nan CR A-830 (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/36421-a-830-10-19-2023-final-posted-haitian-creolef499a3e269514c5d9ef22eb8cef9f.pdf>). Pakonsekan, gwoup oswa

òganizasyon sa yo dwe bay, sou kont pa yo, akomodasyon rezonab ki gen rapò ak andikap si nesesè pou moun ki gen andikap pou patisipe nan reyinyon oswa pwogram lan. Akomodasyon sa yo ka gen ladan yon estaf adilt ki resevwa trening eta Noyòk pou bay medikaman (Medication Administration Training, MAT) ke depatman sante ak ijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) vil Nouyòk apwouve oswa State Office of Children and Family Services pou bay yon elèv medikaman jan lalwa pèmèt sa a

- S. Yo ka bay pèmi pou klib reliye pou elèv òganizasyon deyò ak lòt moun ki satisfè kondisyon regleman sa a esponsorize sou menm baz yo bay lòt klib yo pou elèv òganizasyob deyò esponsorize.
- T. Nenpòt Itilizatè ki jwenn yon pèmi pou itilize yon bilding lekòl leta Vil Nouyòk pa ka itilize pwopriyete lekòl la kòm yon adrès postal oswa adrès bisnis.
- U. DOE, akoz ris chòk ki genyen pou patisipan, gen dwa si li vle pou refize bay pèmi pou nenpòt evènman.
- V. Chanselye a rezève dwa I pou pa aplike règleman sa a oswa nenpòt pòsyon ladan, si lalwa pa egzije I, si I wè I ap pi bon pou sistèm lekòl la. Demand pou eksepsyon nan men Chanselye a dwe al jwenn Chanselye Adjwen pou enfrastrikti ak planifikasyon an dirèkteman.

II. EVALYASYON AK KONSANTMAN POU APLIKASYON POU PÈMI

- A. Chak Itilizatè dwe gen yon pèmi ki apwouve pou itilize pwopriyete yon lekòl (gade pwosedi pou fè pwosesis ak ranpli aplikasyon pou itilizasyon andeyò lè lekòl).
- B. Pèmi an obligatwa pou chak Itilizatè ki vle itilize bilding lekòl ranpli pandan lè itilizasyon andeyò lè lekòl la kit Itilizatè a ap peye frè obligatwa pou espas la ak/oswa frè pou sekirite (si sa aplikab) kit li p ap peye yo.
- C. Pou yo ka itilize bilding lekòl la pandan lè ki pa lè oswa jou nòmal lekòl lè lekòl la p ap fonksyone, yon lekòl charter leta dwe voye yon aplikasyon pou pèmi.
- D. Direktè yo responsab pou pran desizyon pou apwouve oswa refize yon aplikasyon pou pèmi, dapre yon desizyon pou konnen si espas la disponib pou itilize ak siuser la satisfè kondisyon regleman sa a. Ekip ipètentandan an ak santral DOE ka revize tout desizyon direktè yo.
- E. Avan yon direktè apwouve yon pèmi pou yon òganizasyon deyò itilize yon bilding lekòl, yo ta dwe fè yon verifikasiyon konplè sou òganizasyon sa a ki vle itilize bilding lan.
- F. Yo p ap konsidere okenn pèmi apwouve sofsi li gen konsantman reprezantan Itilizatè a, direktè ak antite antretyen (Custodial Entity) an (oswa reprezantan yo).
- G. Yo pa ka transfere pèmi yo. Yon Itilizatè ki resevwa yon pèmi pa ka transfere okenn pòsyon nan pwopriyete pèmi an kouvri a bay yon lòt Itilizatè.
- H. Yo ka pa pwolonje pèmi apre minwi sofsi gen pèmisyon espesyal Division of School Operations oswa ekip sipètentandan an bay.

- I. Yo pa apwouve okenn aplikasyon pèmi kote dire ki pwograme a depase sa yo peye pou li a. Renouvèlman pèmi egzije yon novo aplikasyon. Peryòd tan ki pi long yo ka pèmèt pou yon pèmi se pral douz mwa, sa vle di yon ane fiskal apati 1ye jiyè rive 30 jen. Pèmi yo pa ka travèse ane fiskal yo.
- J. Yo dwe kòmanse yon pèmi omwen 30 jou kalandriye avan evènman yo prevwa a. Si yo pa itilize yon pèmi, lekòl la, espesyalis pou itilizasyon andeyò lè lekòl la oswa Itilizatè a dwe efase I, paske pèmi sa a pral rete nan sistèm lan jiskaske yo pran yon desizyon. Sa pa aplike pou founisè konstriksyon ki responsab pou reparasyon ak/oswa renovasyon yon lekòl/lokal Founisè konstriksyon yo dwe ranpli yon pèmi pou rantre nan bilding lan apre lè lekòl. Depi direktè a ak antite antretyen an fin otorize I, yo voye pèmi sa yo avèk peman dirèkteman ba DSF.
- K. Itilizatè a dwe dakò ak bagay sa yo lè y ap siyen yon aplikasyon pèmi pou itilizasyon andeyò lè lekòl.
- enfòmasyon yo bay sou aplikasyon pèmi an konplè ak presi dapre sa Itilizatè a konnen;
 - DOE ka chanje to yo;
 - pou obsève tout règ ak regleman ki nan regleman sa a ak nan aplikasyon pou pèmi an;
 - pou konfòme ak tout lwa ki aplikab yo ak regleman ki dirije itilizasyon bilding lekòl andeyò lè lekòl;
 - pou ofri sipèvizon sifizan pou aktivite a toutan;
 - pou ranpli yon Rapò sou ensidan òganizasyon itilizatè (Organization Incident Report) (ki disponib nan <https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/user-organization-incident-report.pdf>) lè ensidan sekirite/kriminèl rive epi voye l tounen ba direktè /reprézantan ak/oswa ba ajan sekirite lekòl (School Safety Agent, SSA) si gen youn ansèvis; epi
 - pou pwoteje DOE kont nenpòt reklamasyon, pèt oswa domaj akoz aksyon aplikan, manm li yo, manm egzekitif, ajan oswa nenpòt moun k ap itilize envitasyon pwopriyete yo oswa avèk pèmisyon itilizatè a.
- L. Bay enfòmasyon ki pa kòrèk, enkonplè oswa ki fo sou aplikasyon pou pèmi an oswa pa respekte nenpòt nan kondisyon regleman sa a, ansanm ak nenpòt lòt lwa ak regleman aplikab ki regle itilizasyon bilding ak lakou lekòl, ka lakoz revokasyon pèmi an, refi aplikasyon pou pèmi alavni ak lòt aksyon legal DOE ka pran.
- M. DOE ka revoke nenpòt pèmi nenpòt lè lè li nan pi bon enterè DOE. Si pa gen ijans, y ap bay yon avi pou yon minimòm yon semèn. Si yo revoke yon pèmi, DOE ap ranbouse yon pòsyon lajan montan pèmi an.
- N. Yo dwe endike kantite apwopriye twalèt nan chak aplikasyon pou pèmi. Lè sa posib, yo ta dwe mete twalèt apa disponib pou adilt gason/fi ak timou gason/fi.

O. Si sèvis espesyal obligatwa, Itilizatè a dwe mande konsantman direktè a pou bay sèvis sa yo . Itilizatè a responsab pou depans anplis sa yo. Pami egzanz pou sèvis sa yo ou ka jwenn bagay sa yo:

- itilize sètifikasi pou egzèsis espò pou fè ekipman èkondisyone fonksyone lè sa nesesè;
- genyen yon moun ki gen trening ak konesans pou travay avèk ekipman sou sèn, tankou ekleraj, son ak dekò sèn .

III. RAPÒ ENSIDAN

- A. Itilizatè ki pa nan DOE dwe imedyatman avèti direktè a ak ajan sekirite lekòl la si gen youn sou plas, konsènan tout ensidan sante, sekirite ak medikal ladan ensidan kriminèl ak sa ki pa krim.
- B. Itilizatè ki pa nan DOE dwe ranpli yon rapò ensidan pou Itilizatè (User Incident Report) (ki disponib nan <https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/user-organization-incident-report.pdf>) epi voye l ba direktè a nan espas yon (1) jou lekòl apre ensidan an Direktè/reprezantan l dwe mete enfòmasyon sou ensidan an nan sistèm pou rapòte sou entènèt ensidan ki rive (Online Occurrence Reporting System, OORS).

IV. SWEN ENSTALSYON AK PWOPRIYETE LEKÒL LA

- A. Itilizatè yo dwe pran bon swen lè y ap itilize enstalasyon ak pwopriyete lekòl la; repare tout domaj ki rive dèsk yo t ap itilize nenpòt kote nan pwopriyete lekòl la; epi pwoteje DOE kont tout reklamasyon, pèt oswa domaj akoz nenpòt aksyon moun ki gen pèmi an pran, manm li yo, manm egzekitif, anplwaye ak ajan, oswa nenpòt moun k ap itilize oswa ki vini sou pwopriyete yo sou envitasyon oswa avèk pèmisyon moun ki gen pèmi an, pran.
- B. Yo dwe kite salklas yo ak biwo yo nan menm kondisyon yo te jwenn yo a. Yo pa dwe deranje afich, papye, etc. Si yo deplase biwo yo, yo dwe remete yo kote yo te ye avan an avan yo kite sal la.
- C. Li entèdi pou yo fè modifikasyon, chanjman kit pèmannan kit tanporè, nan sistèm fizik enstalasyon yo (sa vle di elektrik, chofaj, vantilasyon, èkondisyone (HVAC), plonbri oswa achitekti, sofsi gen konsantman alekri ki soti nan DSF pou sa.
- D. Yo pral aplike mezi sa yo konsènan itilizasyon siy, bandwòl ak postè:
 1. Siy, bandwòl, postè oswa lòt avi pou aktivite yo otorize a pa pral afiche sou pwopriyete lekòl la, ladan miray, baryè, poto, pòt, fenèt, atè, elevatè, deyò biling, twotwa, telefòn ijans, lanpadè ak pyebwa, eksepte yo ka afiche sou tablodafich andedan oswa deyò la, kazyé afichaj yo oswa lòt kote direktè a endike nan moman aktivite a, sèlman nan objektif pou idantifye sal kote aktivite a ap fèt la.
 2. Sofsi se lekòl la, DOE, oswa Vil Nouyòkki ki patwone oswa sipòte aktivite a, Itilizatè a oblige fè deklarasyon ki pi ba a nan tout avi publik oswa nenpòt materyèl, ladan itilizasyon medya oswa entènèt, ki mansyone non lekòl la oswa adrès lekòl la

parapò ak aktivite a k ap fèt sou lakou lekòl la, epi sou nenpòt siy yo afiche andedan oswa deyò lekòl la nan moman aktivite a.

“Se pa New York City Department of Education ni City of New York ki esponsorize aktivite sa a.”

3. Deklarasyon dwe afiche klèman nan typeface ki menm dimasyon ak avi oswa materyèl publik. Itilizasyon non lekòl la limite sèlman pou idantifye adrès aktivite a epi li pa ka bay yon enpresyon ke DOE, lekòl la ak/oswa pèsonèl lekòl la andose l.
4. Lòt konsiderasyon:
 - Yo dwe gen konsantman direktè a avan pou yo afiche nenpòt materyèl.
 - Y ap idantifye moun oswa òganizasyon ki responsab pou bibliye enfòmasyon yo sou tout materyèl ki afiche sou pwopriyete lekòl la.
 - Materyèl ki afiche sou pwopriyete lekòl la pa ka rabese ni ekspoze okenn moun oswa gwoup pou ridikilize yo.
 - Piblisite ki gen rapò ak aktivite prive, komèsyal entèdi sou pwopriyete lekòl la.

V. DEPANS KONTRAKTYÈL YO PASE [POU ITILIZASYON ESPAS LEKÒL]

- A. Byenke DOE pa mande frè egzajere (pwofi oswa frè jeneral) sou itilizasyon lekòl li yo andeyò lè lekòl, gen depans kontrakyèl (yo detèmine atravè yon antant kolektif ant DOE ak Custodial Engineers Local 891), sa vle di, depans ki fèt nan lekòl pou sèvis antretyen lè itilizasyon an fèt andeyò lè nòmal lekòl nan jou lekòl ak nenpòt lè nan wiken, konje ak lè lekòl p ap fonksyone. Depans sa yo ka varye dapre plizyè faktè tankou tip espas yo egzije, lè nan jou itilizasyon an ak kantite jou yo egzije. Frè pou itilizasyon andeyò lè lekòl yo ka mwens chè si aktivite yo planifye pandan kalandriye ki redui itilizasyon mendèv anplis (paegzanp, ant 3:00 ak 6:00 p.m. nan jou lekòl, lè pa gen frè ki aplike pou itilizasyon.) Depans kontrakyèl pou sèvis sekrite ajan sekrite lekòl yo ofri, jeneralman apre 4:00 p.m., yo pase yo ba Itilizatè nan tout lekòl.
- B. Eksepte si yo di yon lòt bagay nan regleman sa a, li obligatwa pou peye frè pou itilizasyon espas lekòl yo kèlkeswa òganizasyon ak nenpòt moun k ap itilize yo, paegzanp, sendika, CBO, lòt ajans gouvènman, otorite eli ki fè yon aktivite yo pèmèt ke lekòl la oswa DOE pa antreprann dirèkteman, menmsi aktivite a gen ladan elèv, estaf oswa paran nan lekòl la. Frè a aplikab pou lekòl kote se enjenyè antretyen ak manadjè biling k ap dirije yo. Sistèm CPS otomatize DOE a kalkile depans sèvis antretyen dapre kantite espas y ap itilize, nati espas la ak jou/lè itilizasyon an.”
- C. Okenn pati nan okenn frè yo pa pral benefisiye dirèkteman ni endirèkteman ni depoze sou yon kont ki pral benefisyé antite antretyen an.
- D. Anilasyon ak ranbousman

Nan ka yo p ap itilize lekòl la jan yo te pwograme a, Itilizatè a dwe avèti espesyalis itilizasyon andeyò lè lekòl la ak antite antretyen lekòl la pou anilasyon sa a omwen yon semèn avan dat yo te pwograme aktivite a. Itilizatè a ta ka repwograme evènman an, ki se opsyon ki pi bon an, oswa mande espesyalis itilizasyon andeyò lè lekòl la yon

ranbousman. Si itilizatè a pa bay avi anilasyon yon semèn avan dat yo te pwograme a, sa pral lakoz yon frè 15% frè a pou dat lè yo te pwograme aktivite a. Pou yo ka fè nenpòt ranbousman, moun k ap resevwa lajan an dwe ranpli yon fòm W-9 li ka jwenn nan

[https://a127-](https://a127-pip.nyc.gov/LoginExternal/Forms/Substitute_W_9_Certification_Form.pdf)

[pip.nyc.gov/LoginExternal/Forms/Substitute_W_9_Certification_Form.pdf](https://a127-pip.nyc.gov/LoginExternal/Forms/Substitute_W_9_Certification_Form.pdf) epi voye I nan Comptroller's Office pa faks oswa pa imèl jan yo endike l sou fòm lan. Anplis, lekòl la oswa espesyalis itilizasyon andeyò lè lekòl la dwe fè ajisteman pou pèmi an epi voye demand pou ranbousman nan DFO's Bureau of Financial Management and Reporting pou livrezon.

VI. ITILIZASYON SAL AK EKIPMAN ESPESYALIZE

- A. Kote se anplwaye DOE ki oblige fè sèvis dapre regleman sa a, Itilizatè a responsab pou tout frè ki genyen. Espesyalis itilizasyon andeyò lè lekòl la ak lekòl patikilye yo pral kalkile frè yo dapre sa yo peye anplwaye konsène a pou per-session selon kontra aktyèl la.
- B. Lè yo egzije sal atelye, sal ekonomi domestik oswa sal ki menm jan avèk yo ki gen ekipman espesyal, yo dwe mete estaf DOE ki lisansye. Yo dwe sèvi avèk yon pwofesè DOE ak/oswa antite antretyen/reprezantan l pou fonksyònman ekipman lekòl la tankou ekleraj sèn ak aparèy odyo/vizyèl. Yo dwe gen konsantman direktè a alekri avan, avèk yon kopi konsantman atache nan aplikasyon pou pèmi an.
- C. Lè y ap itilize ekipman kuizin nan preparasyon manje, yo dwe bay yon anplwaye Office of Food and Nutrition Services (OFNS).
- D. Pou itilizasyon pisin, yo dwe mete yon pwofesè natasyon DOE ki sètifye oswa yon pwofesè DOE sètifye kòm enstriktè American Red Cross Water Safety pou chak 25 patisipan nan pisin lan. Tout patisipan nan pisin lan k ap patisipe nan aktivite ki pa pedagojik pandan lè pisin (eksepte pou enstriksyon Scuba Diving – gade pi ba a) dwe gen tèt yo ak zepòl yo deyò dlo a nan pati ki pa fon nan pisin lan. Plis pase 40 moun pa ka itilize pisin lan anmenmtan. Yo dwe respekte tout regleman ki aplikab konsènan New York State Department of Health ak DOHMH sou itilizasyon ak fonksyònman pisin pandan tout tan. Règleman sa yo se bagay sa yo ak lòt ankò:
 - Tout pisin DOE dwe gen yon sipèvizon akwatik nivo IIa; ak,
 - Estaf sipèvizon akwtik ki pral akote pisin lan k ap fè sipèvizon dirèk patisipan nan pisin lan. Estaf sipèvizon akwatik ki anchaj la pral angaje sèlman nan aktivite ki mande sipèvizon dirèk patisipan ki nan pisin lan.
 - Lè gen aktivite pedagojik k ap fèt, tankou pwogram pou aprann naje, kou edikasyon fizik ak aktivite ekip natasyon, epi estaf sipèvizon obligatwa a ap fè enstriksyon an, omwen yon yon manm estaf anplis ki gen omwen Sipèvizon Nivo III dwe la pou chak manm estaf k ap fè sipèvizon akwatik ki angeje nan aktivite pedagojik.
 - Lè yo sèvi ak yon manm estaf sevizon nivo III pou ede yon manm estaf sipèvizon nivo II pou sipèvizon dirèk patisipan nan pisin pandan enstriksyon, manm estaf

sipèvizon nivo III a dwe gen yon sètifika nan prevansyon frakti akwatkak ak repons nan ka ijans, jan yo di sa nan 10 N.Y.C.R.R. § 6-1.31(c)(2).

- Chak plan sekirite alekri sou regleman pisin nan lekòl dwe dekri, responsablite, pozisyon bò pisin lan ak entèaksyon ant manm estaf sipèvizon nivo II ak nivo III a ki asire sipèvizon ak repons pou ijans adekwa pou moun k ap benyen yo .
- Avèk chak aplikasyon pèmi pou itilizasyon andeyò lè lekòl pou itilizasyon pisin, aplikan an dwe voye fotokopi sètifika yo egzije pi wo a ak pyès idantite ki gen foto manm estaf sipèvizon aplikan an pral itilize yo, jan yo egzije l pi wo a. Pandan gen chanjman nan pèsonèl sipèvizon an, moun ki gen pèmi an dwe bay kopi ki ajou pou sètifika yo egzije pi wo a ak pyès idantifikasyon ki gen foto. Tout estaf sipèvizon an dwe gen pyès idantite ki gen foto sou yo pandan y ap fè travay yo nan pisin DOE yo.
- Enstriktè Scuba Diving yo dwe gen yon lisans oswa yon sètifika ki di li resevwa trening espesyal. Yo dwe bay yon enstriktè pou chak uit (8) patisipan nan pisin ki angaje nan enstriksyon Scuba Diving.

VII. SEKIRITE

- A. Tout evènman DOE esponsorize Divizyon sekirite nan lekòl Depatman Polis Nouyòk (New York Police Department School Safety Division, NYPDSSD) dwe bay sekirite.
- B. Tout evènman DOE pa esponsorize dwe gen sekirite sifilan pou asire sekirite ak byennèt patisipan yo nan fonksyònman ak entegrite pwopriyete lekòl la. Avan yo apwouve yon pèmi, direktè a dwe deside si sekirite yo pwopoze a sifilan pou nati aktivite a. Yon direktè ka deside nan ka kote ki gen yon ris sekirite ki ogmante, Itilizatè a dwe bay ak peye pou NYPDSSD bay sekirite (paegzanp kote yo atann yon gwo foul moun).
- C. Yo ta dwe voye kesyon konsènan sekirite yo swa ba Espesyalis itilizasyon andeyò lè lekòl la swa ba kowòdonatè pwogram ekstèn lan.

Tanpri gade pwosedi pou fè pwosesis ak ranpli yon aplikasyon pou itilizasyon bilding andeyò lè lekòl (nan link ki pi wo a) pou jwenn detay sou kòman pou fè pwosesis demand pou kouvèti SSA ak Fèy pou fè pwosesis pou espas la ak kontablite pou frè antretyen (nan link ki pi wo a) pou jwenn detay sou kòman pou peye sèvis ki obligatwa yo.

VIII. ASIRANS

- A. DOE fikse kondisyon asirans obligatwa pou evènman ak aktivite sa yo:

Kandete - Gade seksyon XIV.A

Kanaval – Gade seksyon XIV.B

Flea Markets – Gade seksyon XIV.C

Bòks, lit sovaj ak Amasyal – Gade seksyon XIII.C

Enstriksyon espò kontak oswa aktivite – Gade seksyon XIV.D

- B. DOE ka egzije pou yon Itilizatè k ap chèche yon pèmi pou fè yon aktivite oswa evènman ki pa sa ki nan lis seksyon VIII.A. pi wo a, pou genyen ak peye tout prim sou yon kouvèti asirans komèsyal pou responsabilite jeneral (Commercial General Liability insurance) avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka. Regleman sa pral gen DOE ak Vil Nouyòk, ladan otorite ak anplwaye respektif yo, kòm moun anplis ki asire. Óganizasyon k ap aplike pou pèmi an dwe enfòme demachè asirans li an kouvèti moun anplis ki asire sa a se pou respekte fòm CG 20 26 biwo sèvis asirans (Insurance Services Office, ISO), yon fòm regilye pou endistri asirans lan anjeneral. Avan nenpòt evènman epi kòm yon kondisyon, Itilizatè a pral bay yon sètifikasi asirans kòm prèv asirans sa a ba direktè a.

IX. FRÈ SANTRAL DOE PEYE (KI PA NAN KONT BIDJÈ SANTRAL)

- A. Yo pa dwe fè peye frè pou:

1. Pwogram oswa don ki ranbousab ki bay finansman konplè pou itilizasyon espas lekòl andeyò lè lekòl.
2. Aktivite lekòl la otorize, ki fèt nan non lekòl la oswa ki fonksyone nan kowoperasyon avèk lekòl la. Aktivite sa yo gen pam yo bagay sa yo:
 - Reyinyon oswa fowòm paran;
 - Aktivite ki konekte avèk semèn enfòmasyon soui ouvèti lekòl (Open School Week) oswa konferans paran/pwofesè;
 - Reyinyon piblik sou Konsèy edikasyon pou kominate (CEC)/Konsèy edikasyon Vil;
 - Pwogram Beacon;
 - Aktivite andeyò lè lekòl (Out-of-School Time, OST) ; ak,
 - Klib lekòl ak lòt evènman lekòl esponsorize.
3. PA/PTA gen dwa pou itilize biling lekòl yo gratis, kote y ap gen sekirite lekòl ak ajan sekirite, pou san dis (110) èdtan pa ane andeyò lè lekòl. Lè sa yo aplike pou 12 mwa pa ane epi ou pa ka kite yo pou lòt ane. Si gen plis pase yon PA nan yon biling lekòl, chak gen dwa pou tout 110ètan an okonplè pa ane. Gade CR A-660 (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-660-haitian-creole>).
4. Nan sitiyasyon ki ra, yo ka sibvansyone frè itilizasyon andeyò lè lekòl pou yon òganizasyon deyò nan bidjè lekòl la, lè direktè lekòl la otorize chaj sa yo nan bidjè lekòl la pou yon aktivite ki ofri yon sèvis edikasyon dirèk pou elèv ak paran lekòl ak kominate konsène a, lè yo ranfòse oswa konplete kourikoulòm ki egziste nan lekòl la.

5. Pou sikonstans ki jistifye, Direktè egzekitif DFO nan 65 Court Street, Room 1801, Brooklyn, NY 11201 ka apwouve demand Itilizatè a pou finanse depans ki fèt yo onivo santral.

Anvan yo voye demand sa a, òganizasyon deyò yo ta dwe asire yo reponn kesyon sa yo:

- Èske Itilizatè/òganizasyon an se yon òganizasyon ki pa la pou pwofi, § 501 (c)(3)?
- Èske aktivite a ap ft ant 3:00 p.m. ak 6:00 p.m.?
- Èske direktè lekòl ki konsène a apwouve aktivite/òganizasyon an alekri?
- Èske aktivite a ofri yon sèvis edikasyon dirèk pou elèv ak paran lekòl ak kominate konsène a lè li ranfòse oswa konplete kourikoulòm ki egziste nan lekòl la?
- Èske aktivite a/òganizasyon an ofri yon sèvis an nati, ki egal oswa plis pase depans/frè itilizasyon andeyò lè lè lekòl la?
- Èske Itilizatè a gen bagay li te fè avan nan istwa I ki pral ede nan evalyasyon demand sibvansyon li a?
- Èske Itilizatè a ka pwouve (bay deklarasyon finansye ak lòt dokiman sipò) lè li peye frè sa pral lakoz difikilte finansye grav pou òganizasyon sa a?

X. RÈG POU ENSANDI

Kantite tikè yo vann oswa kantite moun ki rantre pa dwe depase kapasite yo mete nan regleman sou ensandi pou zòn lan.

XI. MARATON/DONASYON FRÈ ADMISYON

A. Bagay sa yo aplike si yon Itilizatè fè peye pou admisyon (ak/oswa si li vann tikè davans pou yon evènman), oswa si li aksepte oswa kolekte lajan oswa si li mande oswa fè aktivite ramase lajan sou nenpòt fòm (paegzanp lavant rafrechisman ak lòt bagay ankò):

1. Yo dwe sèvi avèk benefis reyèl la (revni mwens depans pwodiksyon reyèl) pou benefisye yon koz charite oswa edikasyon eksepte si yo pa aplike pwofi yo pou benefis yon sisyete, asosyasyon oswa òganizasyon yon sektè oswa denominasyon relije oswa yon òganizasyon oswa sisyete fratènèl, òganizasyon sekrè ki pa òganizasyon veteran militè, naval ak marin peyi Etazini ak òganizasyon volontè ponpye oswa volontè travayè anbilans.
2. Aplikasyon pou pèmi an dwe endike frè admisyon an (si genyen); ak non òganizasyon yo mete k ap benefisye pwofi ki soti nan frè admisyon, demand oswa don.
3. Yo dwe mete nan aplikasyon pou pèmi an bagay sa yo avan konsantman final la, epi Espesyalis pou itilizasyon andeyò lè lekòl ki apwopriye a kenbe yon kopi:

- Yon lèt sou papye ofisyèl òganizasyon charite a oswa edikasyon an k ap resevwa pwofi yo ki di li apwouve fonksyon maraton an epi li pral itilize pwofi yo pou objektif òganizasyon charite oswa edikasyon. Lèt la dwe presi sou nati objektif sa yo (paegzanz fè yon pwogram pou moun aje (Senior Citizens' Program);
- Yon lis kout depans ak pwofi reyèl Itilizatè a prevwa; ak,
- Yon fòm § 501(c)(3) konsantman pou ekzonerasyon taks (Tax Exempt Approval Form) (pou òganizasyon ki pa la pou fè pwofi) ki soti nan òganizasyon k ap resevwa pwofi yo.

XII. AKTIVITE POLITIK AK ELEKSYON (Gade CR D-130, disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/d-130-4-29-2021-final-posted>, ki mete pwosedi yo dwe swiv konsènan itilizasyon yon bilding lekòl pou rezon politik).

A. Yo ka itilize bilding lekòl ak lòt enstalasyon DOE yo pou:

1. Biwo vòt pou fè eleksyon primè, eleksyon jeneral ak eleksyon espesyal pou enskri votan; ak
2. Fè fowòm kandida, depi yo envite **tout** kandida pou patisipe. Aplikasyon pèmi pou fowòm sa yo dwe gen ladan yon reprezantasyon alekri tout kandida yo envite pou patisipe yo. Depi lekòl la ak espesyalis itilizasyon andeyò le lekòl la fin apwouve pèmi an, avèk deklarasyon pi wo a ladan, yo dwe voye l nan Office of Public Affairs, 52 Chambers Street, New York, NY 10007, 212-374-4947.
- B. Yo **pa** ka itilize bilding lekòl yo pou fè **evènman**, aktivite oswa reyinyon politik, sofsi objektif la se pou yon fowòm kandida jan yo di sa pi wo a.
- C. Li **entèdi** pou nenpòt moun, gwoup, òganizasyon, komite itilize nenpòt lekòl DOE apre lè lekòl/biznis nan non oswa nan avantaj okenn fonksyonè eli, kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik, eksepte jan yo endike l nan seksyon XII.A.2.
- D. Yo pa ka fè okenn rasanbleman, fowòm, pwogram, nan non oswa nan avantaj okenn fonksyonè eli, okenn kandida anpatikilye, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik nan yon bilding lekòl apre lè lekòl/biznis, eksepte jan yo endike l nan seksyon XII.A.2
- E. Okenn kandida pou pòs leta, tankou yon fonksyonè eli k ap chèche reeli pa ka itilize bilding lekòl DOE apre lè lekòl pandan 60 jou kalandriye avan yon eleksyon primè ak/oswa yon eleksyon, eksepte si li gen rapò dirèk travay ak responsablite publik fonksyonè eli a.

XIII. LÒT KONSIDERASYON

- A. Moun k ap patisipe nan aktivite letik nan jimnazyòm lan dwe mete soulye ak rad ki apwopriye
- B. Yo p ap mande ni aksepte poubwa sou pwopriyete lekòl la.

C. CBO yo ak lòt òganizasyon ki ta vle fè pwogram bòks, lit sovaj, oswa amasyal sou pwopriyete lekòl la dwe satisfè kondisyon sa yo:

1. Yon òganizasyon rekoni ki la pou fè evènman sa yo evalye aktivite a . Kòm yon egzanp, Golden Glove Boxing se yon evènman yo evalye onivo nasyonal anba sipèvizon komite olenmpik Etazini (U.S. Olympic Committee).
 2. Òganizasyon k ap esponsorize nenpòt aktivite bòks, lit sovaj oswa amasyal pral genyen ak peye tout prim sou yon kouvèti asirans komèsyal sou responsablite jeneral avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka, ak yon kouvèti responsablite ekstra (oswa kouvèti) avèk yon limit ki pa pi piti pase \$5,000,000 pa ka. Tout kouvèti asirans ap gen ladan DOE ak Vil Nouyòk, tankou fonksyonè ak anplwaye respektif yo, kòm moun ki asire anplis avèk kouvèti omwen ki menm ak sa Insurance Services Office (ISO) Form CG 20 26. ofri a. Avan nenpòt evènman epi kòm yon kondisyon pou yon aktivite, òganizasyon ki esponsorize aktivite a pral bay direktye a yon sètifica asirans kòm prèv asirans sa a.
 3. Esponsò yo konprann ak aksepte y ap peye pri konplè pou sekirite ajan sekirite lekòl (School Safety Officers, SSAs) DOE yo bay. Se Biwo sekirite lekòl DOE ki pral detèmine kantite ajan SSA yo. Yo dwe peye davans lajan pou depans yo prevwa pou sekirite.
 4. Evènman an pa ka pou fè pwofi epi tout sa yo ramase (sa vle di frè admisyon, frè, etc.) dwe ale jwenn yon òganizasyon charite oswa edikasyon ki rekoni jan yo di sa nan seksyon XI.
- D. DOE, akoz ris chòk ki genyen pou patisipan, gen dwa si li vle pou refize bay pèmi pou nenpòt evènman.
- E. Li entèdi pou òganizasyon deyò/Itilizatè itilize lakou yon lekòl oswa lòt pwopriyete lekòl pou pakin.

XIV. KANDETE LAJOUNEN, KANAVAL, EKSPOZISYON, FLEA MARKETS AK AKTIVITE/ENSTRIKSYON ESPÒ KI GEN KONTAK FIZIK

A. Kandete lajounen

Yo pèmèt fonksyònman kandete lajounen dapre kondisyon sa yo:

1. Fonksyònman kan yo :
 - pa dwe la pou fè pwofi;
 - nan avantaj kominote a;
 - lib pou tout timoun ki elijib nan kominote a; epi,
 - genyen asirans ki nesesè.
2. Itilizatè a ap genyen ak peye tout prim sou yon kouvèti asirans komèsyal pou responsablite jeneral avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka, ak yon kouvèti responsablite ekstra (oswa kouvèti) avèk yon limit ki pa pi piti pase \$5,000,000 pa ka. Tout kouvèti asirans ap gen ladan DOE ak Vil Nouyòk, ladan

non administratè ak anplwaye yo chak, kòm moun ki asire anplis avèk kouvèti omwen ki menm ak sa Insurance Services Office (ISO) Form CG 20 26 ofri a. Avan nenpòt evènman epi kòm yon kondisyon, Itilizatè a pral bay direktè a yon sètifica asirans kòm prèv asirans sa a.

3. Kan an ap genyen ak kenbe tout lisans, pèmi lalwa ak règ ki aplikab egzije pou fonksyònman kandete lajounen yo.
4. Kan an pral konseye paran oswa responsab elèv ki nan kan yo alekri sou tout aplikasyon ak/oswa fòm ke:

Non kan an (Name of the Camp) SE PA YON PWogram NYCDOE, OSWA YON LÒT BAGAY DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK PATWONE.

5. Chanselye a oswa reprezantan I pral mete dispoñib liv ak dosye fonksyònman kandete lajounen yo nan espas senk (5) avi alekri.

B. Kanaval ak Ekspozisyon

Yo otorize kanaval ak ekspozisyon nan fason sa yo:

1. Itilizatè a pral genyen ak peye tout sou yon kouvèti asirans komèsyal pou responsablite jeneral avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka. Tout kouvèti asirans ap gen ladan DOE ak Vil Nouyòk, ladan non administratè ak anplwaye yo chak, kòm moun ki asire anplis avèk kouvèti omwen ki menm ak sa Insurance Services Office (ISO) Form CG 20 26 ofri a. Nan ka kote kanaval la oswa ekspozisyon yo gen ladan "rides," "moonwalks" oswa lòt enstalasyon yon konpayi komèsyal ofri, Itilizatè la pral asire konpayi sa a genyen yon kouvèti asirans komèsyal sou responsablite jeneral avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka, ak yon kouvèti responsablite ekstra (oswa kouvèti) avèk yon limit ki pa pi piti pase \$5,000,000 pa ka, ki gen non Itilizatè a, DOE ak Vil Nouyòk kòm asire anplis avèk kouvèti omwen ki menm ak sa ki nan fòm CG 20 26. ISO bay la. Avan nenpòt evènman epi kòm yon kondisyon, Itilizatè a pral bay yon sètifica asirans kòm prèv asirans sa ba direktè a.
2. Yo dwe prezante lisans/pèmi DOHMH (konsènan sèvi manje) ak Department of Consumer Affairs (konsènan ride) ba espesyalis itilizasyon andeyò lè lekòl nan moman aplikasyon an.
3. Itilizatè a responsab pou asire nenpòt ekipman yo pote sou pwopriyete lekòl la, li la dapre lwa ak konsepsyon I epi yo pran ankonsiderasyon konplè pou pwa, wotè ak limit espas pasaj.
4. Yo p ap pèmèt ride ki egzije pou fouye tè a pou sekirize okenn ekipman oswa rides.

- C. Flea Markets (gade CR A-650, disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-650---haitian-creole.pdf>) ki tabli kondisyon kote yo ka kòmanse ak fè pwogram Flea markets ak kèk lòt pwogram ki sanble ak Flea market sou pwopriyete DOE).

1. Kèlkeswa dire flea market la, tout lajan yo ramase yo nan yon fonksyònman flea market dwe gen kòm objektif prensipal maraton pou benefisyé pwogram edikasyon, sosyal ak kiltirèl nan lekòl respektif la.
2. Asosyasyon paran (Parent Association/PTA (òganizasyon k ap esponsorize a) dwe asire direktè a ak Custodial Entity lekòl konsène a apwouve yon pèmi pou itilizasyon andeyò lè lekòl pou yo ka itilize lekòl la pandan lè lekòl p ap fonksyone. pwosesis pèmi an se menm pou flea markets yo kòm si se te nenpòt lòt Itilizatè ki ta renmen itilize lekòl DOE lè yo p ap fonksyone. Frè pou ouvèti ak espas ki aplikab pou evènman an dwe atache nan pèmi ki apwouve a epi voye l ba espesyalis pou itilizasyon andeyò lè lekòl la.
3. Yo pral egzije Itilizatè a pou gen sekrite sifizan pou asire sekrite moun k ap patisipe nan flea market la ak entegrite pwopriyete lekòl la.
4. Itilizatè a ap genyen ak peye tout prim sou yon kouvèti asirans komèsyal pou responsabilite jeneral avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka, ak yon kouvèti responsabilite ekstra (oswa kouvèti) avèk yon limit ki pa pi piti pase \$5,000,000 pa ka. Tout kouvèti asirans ap gen ladan DOE ak Vil Nouyòk, tankou fonksyonè ak anplwaye respektif yo, kòm moun ki asire anplis avèk kouvèti omwen ki menm ak sa Insurance Services Office (ISO) Form CG 20 26. ofri a. Avan nenpòt evènman epi kòm yon kondisyon, Itilizatè a pral bay yon sètifica asirans kòm prèv asirans sa ba direktè a.

D. Enstriksyon oswa aktivite espò ki gen kontak fizik

1. Òganizasyon k ap esponsorize nenpòt enstriksyon oswa aktivite espò ki gen kontak fizik pral genyen ak peye tout prim sou yon kouvèti asirans komèsyal sou responsabilite jeneral avèk yon limit ki pa pi piti pase \$1,000,000 pa ka, ak yon kouvèti responsabilite ekstra (oswa kouvèti) avèk yon limit ki pa pi piti pase \$5,000,000 pa ka. Tout kouvèti asirans ap gen ladan DOE ak Vil Nouyòk, tankou fonksyonè ak anplwaye respektif yo, kòm moun ki asire anplis avèk kouvèti omwen ki menm ak sa Insurance Services Office (ISO) Form CG 20 26. ofri a. Avan nenpòt evènman epi kòm yon kondisyon, Itilizatè a pral bay yon sètifica asirans kòm prèv asirans sa ba direktè a.
- E. DOE rezève l dwa pou egzije lòt tip, nivo oswa tèm asirans li jije apwopriye pou nenpòt evènman oswa aktivite ki tabli nan seksyon XIV.A.-D. ki pi wo a.

XV. DEMAND RANSÈYMAN

Inquiries Yo ta dwe voye demand ransèyman konsènan regleman sa a ba Division of School Operations nan ExtendedUse@schools.nyc.gov. Se Division of School Operations ki jere tout dosye konsènan pèmi pou itilizasyon andeyò lè lekòl.